

Ngruwat Jiwa Nusantara: Eksistensi, Tantangan, lan Strategi Pelestarian Budaya Basa Jawi ing Era Modern

Oleh: Intan Puspita Sari

Basa menika gadhah ancas ingkang utami minangka lambang pemersatu bangsa, sarta dados dhasar ingkang baku kanggé nggubah idhentitas sesarengan, kesadaran sosial, lan dados papan kanggé nyimpen nilai filosofis gesang ana ing masarakat Indonesia (Dewi Wahyu Utami, 2026). Basa Jawi menika dados basa dhaérah ingkang ageng piyambak saking 672 basa dhaérah ingkang wonten ing Indonesia, amargi gadhah penutur ingkang paling kathah, inggih punika langkung saking 60 yuta jiwa (Maruti, 2015). Sanadyan Basa Jawi dados basa ingkang gadhah penutur paling kathah ana ing Indonesia, ananging jaman samenika kawontenanipun ngadhepi reridhan ingkang ageng awit saking pengaruh globalisasi lan penetrasi digital, geseripun tatanan basa saha mudhunipun panggènanipun ing masarakat (Yanwar Pribadi, 2025).

Basa jawi kagungan kathah kaelokan, salah satunggalipun inggih punika sistem *undha-usuk basa* ingkang dados kunci utama kanggé nggambaraken rasa bektos dhiri dhateng tiyang sanes, minangka cerminan saking budaya sopan santun saha sikap *andhap asor* masarakatipun (Bagus Wahyu Setyawana, 2024). *Undha-usuk* ingkang dipérang dados ragam *krama* (alus kanggé ngajeni mitra tutur) lan *ngoko* (ragam biasa utawi netral) (Bagus Wahyu Setyawana, 2024). Pérangan menika asring dipun lepa tpahami déning masarakat minangka wujud feodalisme ingkang kaku. Mangka menawi dipun taliti malih saking kacamata sosiolinguistik lan filsafat Jawa, *undha usuk* sejatosipun dados wujud ingkang paling inggil saking tata krama, raos welas asih sosial, lan kesadaran papan antawisipun pribadi.

Filosofi gesang masarakat Jawa ingkang dipun kenal mawi konsep *tepo seliro* (toleransi), *andhap asor* (andhap asor/rendah hati), lan *unggah-ungguh* punika gadhah sambetan raket sanget kaliyan basa jawi (Nadasyam, 2025). Filosofi gesang masarakat

Jawi ingkang limrah dipunwastani *tepo seliro, andhap asor*, sarta *unggah-ungguh* kasebat, sesambetanipun raket sanget kaliyan paugeran Basa Jawi ingkang dipun ginakaken saben dinten (Dewi Wahyu Utami, 2026). Salajengipun, kasugihan budaya Jawi ugi dipun jangkepi dening warisan seratan tradhisional, inggih punika aksara Jawa (Ha-na-ca-ra-ka) (Dimas Fakhruddin, 2019). Aksara menika sanes namung dados sarana kanggé nulis, nanging minangka karya seni kebak teges filosofis spiritual ngenani puteran gesang manungsa (Ha-na-ca-ra-ka, da-ta-sa-wa-la, pa-dha-ja-ya-nya, ma-ga-ba-tho-nga) (Nadasyam, 2025).

Sanadyan gadhah oyot filosofis ingkang kuwat, Basa Jawi sesarengan kaliyan aksaranipun ing jaman samenika manggihaken reridhan tuwin ewah ewahan struktural ingkang ageng awit saking gèsèring jaman modernisasi. Salah satunggaling sebab utami yaiku dominanipun Basa Indonesia wonten ing pendhidhikan lan pamarentahan, mila langkung asring dipun ginakaken tinimbang basa dhaérah (Intan Permata Sari, 2025). Sementawis punika, kemajengan teknologi saha pengaruh ageng saking media sosial ugi ndadosaken proses lumebetipun basa asing lan basa gaul langkung rikat lumantar platform digital (Intan Permata Sari, 2025). Salajengipun, ruwetipun paugeran *undha-usuk* lan nyingkiripun aksara Jawa saking papan umum ndadosaken generasi mudha ajrih lepat lajeng wegah ngginakaken budaya piyambak, saéngga Basa Jawi namung dados pralambang upacara kemawon (Dimas Fakhruddin, 2019).

Mitrahaken warisan menika saking ancaman sirna betahaken lampah ingkang wiyar, kawiwitan saking purbakarsa pamulangan wonten ing sekolahan ingkang langkung kontekstual lan adhedhasar proyèk, sanes namung apalan teks kina ingkang kaku. Pamanfaatan medhia piwulangan digital ingkang adhedhasar *smartphone* saha aplikasi interaktif kados ta Canva sakmenika saged dipun selarasaken kaliyan aplikasi pamindhahan lan *keyboard* aksara Jawa. Lampah menika langkung gampilaken para siswa sinau warisan budaya lokal kanthi visual saha remen tanpa winates papan lan wedal (Kuntari, 2023). Panggunan teknologi menika mbuktekaken bilih basa saha aksara dhaérah saged ewah dados tren ingkang selaras lan dipun remeni déning generasi mudha ing jaman samenika.

Salajengipun, kajawi ngginakaken sarana téknologi, tanggel jawab saking kulawarga lan patraping komunitas budaya ugi dados kunci utami kanggé nguri-uri kabudayan tanpa kedah nilaraken kaprigelan ngginakaken basa nasional saha internasional. Sesarengan kaliyan menika, panyengkuyung ingkang nyata saking pamarentah daerah lan pusat lumantar adicara festival sastra, pasanggiri nyerat, saha fasilitas media umum ingkang ngginakaken basa jawi ugi sanget dipun betahaken. Wusanipun, kanthi wontenipun raos tanggung jawab sesarengan saha greget kabijakan ingkang kiyat saking para sesepuh, Basa lan Aksara Jawa badhé tetep gesang, malar mentar, sarta tansah membat markelat memuji kearifan lokal ing tengah-tengah lumampahing jaman.

DAFTAR PUSTAKA

- Bagus Wahyu Setyawana, C. U. (2024). KLASTERISASI UNGGAH-UNGGUH BASA JAWA DAN FENOMENA PENGGUNAANNYA PADA MASYARAKAT: STUDI KASUS DI 5 KOTA BESAR DI INDONESIA. *aJurnal Aksara*.
- Dewi Wahyu Utami, F. D. (2026). Kajian Aksiologi Bahasa sebagai Nilai dan Identitas Bangsa dalam Perspektif Filsafat Ilmu. *SOSMANIORA (Jurnal Ilmu Sosial dan Humaniora)*, 390-398.
- Dimas Fakhruddin, A. S. (2019). PENGEMBANGAN DESAIN INFORMASI DAN PEMBELAJARAN AKSARA JAWA MELALUI MEDIA WEBSITE. *Jurnal Desain Komunikasi Visual & Multimedia*.
- Intan Permata Sari, N. N. (2025). Ancaman Pergeseran Bahasa Daerah Dan Dampaknya Terhadap Keberlanjutan Warisan Budaya Di Era Global. *Jurnal penelitian nusantara*.
- Kuntari, S. (2023). Pemanfaatan Media Digital dalam Pembelajaran.
- Maruti, E. S. (2015). *Pembelajaran bahasa jawa di sekolah dasar*. Jwa timur.
- Nadasyam, I. (2025). Penggunaan Kata Santun Bahasa Jawa Pada Percakapan Antar Warga Di Desa Bangun Seranten Kabupaten Tebo.
- Yanwar Pribadi, M. A. (2025). *Urang Banten dalam Lintasan Zaman*. Serang.